

**CONFERENCE
DES EVEQUES CATHOLIQUES
DU BURUNDI**

Secrétariat Général

**IJAMBO RY'INAMA Y'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI KU MUNSI
W'UKWUGURURA UMWAKA MWERANDA UDASANZWE W'IKIGONGWE KU
KIRIMBA C'UMUVYEYI BIKIRA MARIYA I MUGERA, 08 KIGARAMA 2015.**

Nyenicubahiro waje userukira Leta y'Uburundi
Nyenicubahiro Musenyeri Ntumwa ya Papa mu Burundi
Nyenicubahiro Mwangere Mukuru wa Diyoseze Nkuru ya Gitega
Benicubahiro Bepiskopi mwese b'Ekleziya y'i Burundi
Beniteka mwese mu gihugu namwe bakuru b'amashengero muri ngaha
Banyakubahwa basaseredoti b'Umukama na mwe Bihebeyimana mwese
Bamenyeshamana, nshingwamuryango na mwe bakristu balayike mwese dusangiye ukwemera :
Nimusangwe amahoro y'Umukama wacu Yezu Kristu....!!! Nitugire Yezu na Mariya !

“Yezu Kristu ni we nyonga z'ikigongwe ca Data”

1. Kuri uyu munsu uri hejuru, twahuriye kuri uyu wa Mugeru, ku Kirimba ca Bikira Mariya, kugira ngo twakirire hamwe nka Ekleziya y'i Burundi Yubile idasanzwe y'Ikigongwe c'Imana, Umwaka Mweranda udasanzwe w'impuhwe n'Ikigongwe, twiherewe na Nyenubweranda Papa Fransisiko. Kuri uyu munsu nyene uri hejuru, ni ho Nyenubweranda Papa ariko aratanga ubwahuro bw'uyo Mwaka Mweranda w'impuhwe n'ikigongwe c'Imana ku rwego rw'Ekleziya ikwiye kw'isi yose, hariya i Roma. Akaba yawuhaye intumbero igira iti: **“Yezu Kristu ni we Nyonga z'ikigongwe ca Data”**. Twebwe rero Abungere b'Ekleziya y'i Burundi, twashimye kuba twakoraniye ngaha ku Kirimba ceranda ca Mariya, ngo twinjirire hamwe n'uyo Muvyeyi Papa muri uyu Mwaka Mweranda, gurtyo tuze dushobore kwinovora ivyiza vy'iyu Yubile, mu mwaka wose ata n'umusi n'umwe dukuyemwo. Turashimiye Nyenicubahiro Ntumwa ya Papa mu Burundi, yashimye kuza kuba hamwe na twe ngo atugararagarize ubumwe n'ubuvyeyi Papa afitiye iyi Ekleziya yacu. Turashimiye na mwebwe mwese Banyakubahwa mwadukundiye mukaza ngo dusangire uru rubanza rweranda. Imana nibuzurize ibasesekarize mu gikemanyi c'umutima mwaje muzanye.

2. Twebwe Abungere banyu, twashimye kuza kuri uno munsu kwakirira hamwe uyu Mwaka ku rwego rw'Ekleziya y'i Burundi yose, kugira ngo aho bukera ku wa 13 Kigarama, Umwepiskopi wese aze ashobore kuwutanga muri Diyoseze yiwe, nkuko uyu Muvyeyi yabitegekanije mu gushinga ikirangaminsi c'imigirwa y'uyu mwaka mweranda w'Impuhwe z'Imana.

3. Muti: mbega ni kuki Papa yashinze ko twugurura uyu Mwaka kuri uyu wa munani Kigarama, ku munsu mukuru wa Bikira Mariya yasamwe ata gicumuro? Mu gushinga ko uyu Mwaka w'Impuhwe z'Imana wugururwa kuri iri genekerezo no kuri uyu munsu mukuru, Papa yagombye ko twibuka Yubile y'umwakaka y'imyaka mirongo itanu ihaciye, hasozerewe Inama Nkuru ya Vatikanu ya

kabiri. Nkako nyene, hari ku wa 8 kigarama mu 1965, aho basozera Inama nkuru ya Vatikano ya kabiri. Yashimye ko yoba Yubile y'ikigongwe c'Imana, kuko Papa Yohani yatanguje iyo Nama Nkuru, yayibona nk'inama yotanguza ibihe bishasha vy'Ekleziya; aho Ekleziya itaguma gusa ishira imbere ukuri k'ukwemera Imana; mugabo yitwararika kwereka isi yacu inkuru nziza y'ikigongwe c'Imana. Ng'ico igituma c'iyi tariki; ng'ico n'igituma c'intumbero y'uyo mwaka: umwaka w'ikigongwe c'Imana. Yashimye kandi ko dutangura uyu Mwaka kuri uyu muni Mukuru w'Isamwa ata gicumuro rya Bikira Mariya, kuko ari wo muni utangurira iminsi mikuru yose y'Umuvyeyi, yabaye icanzo Imana yacishizemwo Umwana wayo Kristu, Kigongwe c'Imana mu bantu.

4. Banyakubahwa mwese, mbega none twokwitega iki muri iyi Yubile idasanzwe y'impuhwe z'Imana? Ni akahe karusho Umuvyeyi wacu Papa ashaka ko Ekleziya ironka kubera uyu Mwaka Mweranda ? Inyishu z'ivyo bibazo vyose, tuzisanga umurava mw'Ikete Papa Fransisiko yashikirije abakristu bese akaryita: "Inyonga z'Ikigongwe" ("Misericordiae Vultus"). Ndituye rero nsaba Abepiskopi bagenzane n'abasaseredoti bese badufasha ubutumwa, ngo bazoze barapfundurura ico gikemanyu Papa yatugemanirije mu mwaka wose, kugira ngo baze baragaburira igihugu c'Imana ivyerekeye uyu mwaka w'impuhwe z'Imana. Ndatumiriyeye n'abakristu bese babishobora, kuzokwishikira kw'isoko, mu kwigurira n'ukwisomera ako gatabo k'inyonga z'ikigongwe c'Imana, kugira ngo kabagaburire kandi kabakuzemo mu kumenya kwakira ikigongwe c'Imana n'ukugitanga.

5. Bavandimwe mwese, icivugo ngenderwako c'uwu Mwaka Mweranda ni iki ngo: "[Nitube abanyakigongwe nka Data](#)", icivugo catowe hisunzwe ya Nyigisho ya Yezu Kristu aho agira ati: "Nimube abanyakigongwe nk'uko Data ari umunyakigongwe» (Luka 6, 36). Uno mwaka rero uze uturonse akaryo kabereye k'uko tweza amaso ku kigongwe c'Imana ngo tube na twe ikimenyetso kizima c'ico gikorwa c'Imana. Ntituze tubigirire gusa mu masengeru no mu masabamana, tuzetuvyerekeze mu buzima bw'ingo zacu, ubuzima bw'imibano yacu, ubuzima bw'igihugu cacu. Ni ivy'ukuri turakeneye twese kwirukira ikigongwe c'Imana iminsi yose, tugomba kuba abantu nkuko Imana yabashatse. Ni ivy'ukuri turakeneye guhana ikigongwe nk'ico Imana yaduhaye, ata kiguzi dusavye, kugira ngo imibano yacu ya minsi yose n'imigenderanire mu gihugu, isubire kuba iy'ababa mu gihugu c'abantu bikwije iteka n'ubuntu. Ntituvyiyobagize, mu kwemera kwacu, uwagirirwe nabi ni we agira intambwe ya mbere agana mugenzi we, kugira ngo amubohore kandi na we yibohore (raba Matayo 5, 23-26). Erega uwudatanze ikigongwe canke ngo yakire ikigongwe, ni we aguma ari imbohe y'ikibi. Imana yaraduhaye akarorero keza. Mu gihe twari twacumuye tumeze nk'imbohe n'abaja ba Shetani, Imana ni yo yatambutse ubwa mbere, iza itugana, mu kurungika Umwana wayo, ibanje gutegura Umuvyeyi Bikira Mariya mu kumutera iteka ry'ugusamwa ata gicumuro, kugira ngo aze abe ingoro nyayo, ibereye kwakira Umukiza, Kigongwe c'Imana mu bantu. Imana rero ni yo yataye intambwe ya mbere, yongera iragira ibikenewe vyose, kugira ngo ikigongwe cayo kidushikire, kidusubize iteka ry'abana b'Imana twari twikuyeko. Uko ni ko na twe tubwirijwe kubigira: uwakoze inabi, asa n'uwikuyeko iteka ry'abana b'Imana. Ugutanga ikigongwe rero ni nk'ukwihutira gushayura uwugira asome nturi, kuko ataba acikwije iteka ry'abantu. Tuzetubizirikane, tubinoze, na cane cane tubigendere.

6. Kugira ngo abakristu baze bahimbaze neza uno Mwaka Mweranda udasanzwe w'Ikigongwe c'Imana, hariho ibitegekanijwe gukorwa ku rwego rw'Ekleziya ikwiye kw'isi yose no ku rwego rw'amadiyoseze. Muri ivyo bitegekanijwe, harimwo ibi bikurikira:

6.1 [Ukwugurura Urugi Rweranda rw'Ikigongwe](#): Uyu muni bitanguriye i Roma kwa Papa, ku w'Imana uza bize bibere mu madiyoseze yose y'Ekleziya nzima. Ku muni w'Imana uza rero, umwepiskopi wese muri Diyoseze yiwe, azokwugurura Urugi rw'Ikigongwe, mw'isengeru nkuru ya Diyoseze, kugira ngo abakristu bazorucamwo muri uyu mwaka kandi bavyiteguriye baze bagabane

ikigongwe c’Imana n’induljensiya. Urugi ruzugururwa rero, mu Mwaka Mweranda wose, ruzocika Urugi rw’Ikigongwe, maze uwuzorwinjiriramwo wese akazoshobora kwiyumvamwo urukundo rw’Imana ihoza, irekura ibicumuro, kandi igaha abantu ukwizigira (MV 3).

6.2 **Ukuzirikana ibikorwa vy’ikigongwe:** Muri uno Mwaka Mweranda w’Ikigongwe, abakristu bazowumara bazirikana ibikorwa vy’ikigongwe, vyaba ivyerekeye umubiri nk’ugufasha abagowe, ukuramutsa ababoshe n’ibindi canke ivyerekeye umutima, nk’ugusabira abacumuzi ngo bahinduke, kwigisha abazimiye mu kwemera n’ibindi (MV 15).

6.3 **Ingendo nyeranda:** Muri uno Mwaka, abakristu bazogira ingendo nyeranda. Urugendo rweranda ni ikimenyetso c’urugendo umuntu agira ubuzima bwiwe bwose, kuko ngaha kw’isi turi ku rugendo, rugenda rugana ku Mana. Izo ngendo, abakristu bazoshobora kuzigira bagenda bagana ahari amasengero afise Urugi Rweranda, kugira ngo barucemwo bavyiteguriye: haba i Roma, canke mu madiyoseze; maze umuntu wese akazorucamwo yigiriye inama y’ukwakira ikigongwe c’Imana ngo kimuhindure, ubuzima bwiwe bucike ubwerekana ko ari umunyakigongwe kuri benewabo nk’uko Imana ari umunyakigongwe kuri twebwe (MV 14).

6.4 **Uguhurumbira ukuruta Isakramentu ry’ikigongwe:** Kubera ari Umwaka Mweranda w’Ikigongwe, abakristu batumirawe kwirukira ukuruta isakramentu ry’ikigongwe, kugira ngo bashobore gusubiza hamwe n’Imana n’abantu, bakire akabi k’ibicumuro vyabo. Kugira ngo abakristu boroherezwe, Papa azorungika mu gihe c’Ikarema Abamisiyonari b’Ikigongwe, bazoba ikimenyetso c’umutima wa kivyeyi w’Ekleziya ikunda igihugu c’Imana, kugira ngo cinjire rwose mu ndiba y’itunga ry’iryo banga rihambaye rikaba n’itsitso ry’ukwemera. Abo bamisionari, bazoba ari abasaseredoti, Papa azoba yahaye ubukuru bwo kurekura ibicumuro mu bisanzwe birekurwa na Papa we musa...(MV 18). Muri uyu mwaka nyene, ibicumuro bimwe bimwe vyahora birekurwa ku ruhusha rw’umwepiskopi, kuko irekurwa ryavyo risaba ugukurwako ibihano vyategekanijwe n’Ekleziya, Papa yahaye abasaseredoti uruhusha rudasanze rw’uko bashobora kubirekura muri uyu mwaka mweranda wose. Iri jambo tuzoritomorera neza abasaseredoti mu madiyoseze dushinzwe, dukurikije ivyagenwe n’Umuvyeyi Papa Fransisko.

7. Banyakubahwa mwese: aha mvuze bikeyi gusa, kuko sinavuze nk’igisabisho kidasanze gitegekanijwe mu gihe c’Ikarema (MV.17); n’induljensiya zijanye n’uyu mwaka (MV 22). Ariko imbere y’ugusozera, ico ntokwibagira kubamenyeshya mu bitegekanijwe ku rwego rw’Ekleziya y’i Burundi, ni uko kugira ngo dufashanye gutegera ico uwu Mwaka utubwira, Inama y’Abepiskopi yaciye itunganya udutabu twanditse mu kirundi, turimwo rya Kete rya Papa ryerekeye uyu Mwaka w’ikigongwe. Hari ho kandi n’igisabisho gitegekanijwe tuzoza turavuga muri uno mwaka wose. Hakaba rero n’ururirimbo rwamaze guhingurwa, abaseminari baturirimbiye, ruzoza rurasamirizwa n’abaririmvyi bo mu maparuwase yacu, mu kwigina uwo mwaka. Dusavye rero abasaserdoti, abihebeyimana, n’abo bose babijewe, ko iryo Kete rya Papa n’ico gisabisho, eka mbere n’urwo ruririmbo, bobikwiragiza mu ma paruwase, mu mibano yose, no mu babishaka bose, kuko ni vyo dushaka ko vyoba shingiro y’izindi nyigisho zose zizotangwa ku Mwaka Mweranda.

8. Nkundire nse n’uwusozera. Nsozere ngira nti: mu Burundi bwacu, uyu mwaka uje hageze. Uje hageze mu gihe turi ku ntambwe y’ukurondera ugusubiza hamwe n’ukurekuriranira. Ese twotambuka dushingura. Uje hageze kandi, mu gihe turiko turondera ko hoba ibiganiro vy’ukuri, bitari ivy’ugusigana inkore ku maso, bidakumira, hagati y’Abarundi bose, abari mu gihugu n’abari mu buhungiro. Iyo ntambwe ntutuyidehe canke ngo tuyidindize, kuko irahambaye cane. Mu butumwa Nyenubweranda Papa Fransisko aheruka kudushikiriza mu Buganda, mwarumvise ko adutuma kubandanya dusaba ati: “kugira ngo Umukama avyure mu mitima y’Abatwara n’abandi bose

ivyiyumviro n' imigambi myiza y' ukwemera kuja inama n' ingingo mu biganiro, gukorana n' abandi, gusubiza hamwe n' ukubana mu mahoro". Tworamuka tuburiye ngaho, ntawobura gutinya ko inzira zindi zose zisigaye zishobora kudasibiriza igihugu. Uyu Mwaka, bisubiye, tuwutanguye mu gihe mu gihugu cacu hakorwa amabi atagira izina; aho usanga hariho abagenzwa n' urwanko, ugukumirana bifatiye ku moko canke ku migambwe; ugutoteza abandi; amabi kandi atagira izina y' abantu batakigira ikinya c' ugusesa amaraso ya bene wabo. Muri uyu mwaka dutumiriwe kwakira n' ukwigana impuhwe z' Imana, twebwe Abungere b' Ekleziya turasubiriye gusemerera: nimuze twubahe amabwirizwa y' Imana yose atubuza gukora ikibi akadutumirira kubana mu rukundo no mu mahoro. Ababifisemwo uruhara rwa mbere, turabatakambiye ni bavyure imbabazi nk' izi zatumye Imana yibwiriza kudukiza, maze na bo bibwirize gukora ico cose cosubiza igihugu kuba igihugu ciyubashe kandi c' abantu bubahana. Igihugu nticoguma gurtya kuko uretse ko n' ubwicanyi buzodusiga habi, n' ubukene butagira izina bugiye kwugariza igihugu na benegihugu, bagorwe bazira umukino mubi w' abobwirijwe kubateza imbere. Ntirikabe turorera. Imana yobitubaza.

9. Uno mwaka rero, ntutujane tutagize intambwe no muri urwo ruhande ruhambaye. Ahasigaye, twese, tuzobonereho akaryo ko kwirukira Imana, Yo yakira umucumuzi uw' ari we wese, ikamuvura ibisebe biri ku mutima, ikamwuhagira akabi yakoze, ikongera ikamusubiza umutamana w' abana b' Imana. Hariho nk' abakristu bahunye, kubera baciye kubiri n' Imana, ubuzima bwabo bukaba buteye kubiri n' ingeso nziza rukristu. Hakabaho kandi n' ingo zasambutse, abubakanye bikabagora bakahukana, n' ibindi bene ivyo. Kazoba rero akaryo k' uko Ekleziya yakirana impuhwe n' ikigongwe abo bose bafise ibikomere ku mutima kubera akabi bakoze, canke bakorewe. Mwese, turabinginze, muze mwubahuke mwiture Abungere banyu: ntihagire uwuzogisha inema y' Imana.

10. Iyi Yubile idasanze y' Ikigongwe c' Imana twuguruye uno muni, tuzoyisozera ku Muni Mukuru wa Kristu Mwami muri Munyonyo 2016. Twebwe Abungere banyu, turabipfuriye mwese Yubile nziza, Umwaka mwiza w' Ikigongwe c' Imana. Turabaragije mwese Umuvyeyi wacu Bikira Mariya yasamwe ata gicumuro ngo atubere mu ngoro, maze uyu mwaka utubere mwiza koko: mu ngo zacu, mu mibano turimwo no mu gihugu cose. Imana nininahazwe kandi ibahezagire mwese.

Bigiriwe i Mugeru, ku wa 8/12/2015.

Kw' izina ry' Inama y' Abepiskopi
Musenyeri Gerevazi BANSHIMIYUBUSA,
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ngozi akaba n' Umukuru w' Inama y' Abepiskopi Gatolika b' i
Burundi